



Fich Enfòmasyon sou Estatistik Aktyalize Konsènan Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou Ane 2025 Global Burden of Disease

Mizajou Estatistik pou Ane 2024 ak 2025 lan genye done sou etid Global Burden of Disease yo pou ane 2021. Kèk estimasyon global anba a (apati dènye Estatistik pou Ane 2025 lan) reflekte estimasyon ki lejèman diferan nan dènye Estatistik ki genyen pou ane 2024 la akòz amelyorasyon nan demografi ak estimasyon popilasyon an, metòd modelizasyon estatistik ak jewospasyal, ak ogmantasyon prèske 3000 sous nouvo done depi dènye Estatistik AHA pou ane 2024 la.

Maladi Kadyovaskilè (CVD)

- Nan lane 2021, yo te atribiye anviwon 19.41 milyon ka lanmò nan monn lan ak CVD. To lanmò pa laj pa 100 000 abitan nan popilasyon an se te 235.18. Prevalans global CVD a te 612.06 milyon. To prevalans pa laj te 7178.73 pou chak 100 000.
- To mòtalite ki pi wo yo kapab atribiye ak CVD nan lane 2021 an se te nan Azi santral ak lès Ewòp, avèk nivo elve yo te remake pou Oseyani tou, Afrik dinò ak Mwayen Oryan, ak Afrik sibsaryèn santral. To yo te pi ba pou Azi Pasifik ak Ostralazi ki gen revni ki wo.

Maladi Kè Kowonaryen (CHD)

- Nan tout monn lan, yo te estime nan lane 2021, 254.28 milyon moun t ap viv ak maladi kè iskemik (IHD), e yo te plis jwenn li lakay gason pase fi (145.31 ak 108.97 milyon moun, respektivman).
- Nan lane 2021, Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan te genyen to prevalans IHD ki pi wo pami rejyon yo, answit te Ewòp ak Azi disid ak Azi santral.
- Selon estimasyon, IHD te lakòz 8.99 milyon ka lanmò antou nan tout monn lan nan lane 2021.
- Nan lane 2021, to mòtalite nòmalize pa laj IHD te lakòz te 108.73 pou chak 100 000. To mòtalite IHD yo te pi wo pou Azi santral, Ewòp de lès, ak Afrik dinò ak Mwayen Oriyan an. To mòtalite a te pi ba pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni yo.

Konjesyon serebral

- Prevalans mondyal pou konjesyon serebral nan lane 2021 te 93.82 milyon moun, tandiske prevalans pou konjesyon serebral iskemik te 69.94 milyon, prevalans pou emoraji entraserebral te 16.60 milyon, epi prevalans pou emoraji sou-araknoyid te 7.85 milyon.
- An jeneral, nan lane 2021, to prevalans pa laj pou konjesyon serebral te pi wo pou Afrik sibsaryèn ak lès, sidès, ak Azi santral. Se Ostralazi ki te gen to ki pi ba.
 - Prevalans pa laj pou konjesyon serebral iskemik te pi wo pou Afrik sibsaryèn, answit Afrik sibsaryèn lwès ak lès ak Azi santral.
 - Prevalans pa laj pou emoraji entraserebral te pi wo pou Afrik sibsaryèn lwès, sidès Azi, Oseyani, ak Azi pasifik kote ki gen gwo revni yo.

Global Burden of Disease-Fich Enfòmasyon Estatistik pou 2025

- Prevalans emoraji sou-araknoyid pa laj te pi wo pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni ak Amerik Latin Andin yo.
- Nan lane 2021, te genyen 7.25 milyon ka lanmò yo atribye ak konjesyon serebral nan tout monn lan. Yo total 3.59 milyon moun te mouri akon konjesyon serebral iskemik, 3.31 milyon moun te mouri akon emoraji entraserebral, epi 0.35 milyon moun te mouri akon emoraji sib-araknoyidyen.
- Nan lane 2021, to mòtalite nòmalize pa laj pou konjesyon serebral te pi wo pou Oseyani ak sid Azi. To yo te pi wo pou Ostralazi ek lwès Ewòp.
 - To mòtalite pa laj yo kapab atribye ak konjesyon serebral iskemik te pi wo pou lès Ewòp, answit Afrik di nò ak Mwayen Oriyan ak Azi santral. To mòtalite a te pi ba pou Ostralazi.
 - Mòtalite ki gen pou wè ak emoraji entraserebral pa laj la te pi wo pou Oseyani, answit Azi sidès ak lès ak Afrik sibsaryèn santral ak oryantal.
 - To mòtalite pa laj yo estime pou emoraji sib-araknoyidyen te pi wo pou Oseyani, answit Azi sidès ak Amerik Latin Andin.

Tansyon

- Selon done 2021 yo, to mòtalite pa laj yo ka atribye ak tansyon sistolik te pi wo pou Azi santral, answit lès Ewòp, Afrik sibsaryèn santral, ak Afrik di nò ak Mwayen Oriyan an. Tansyon sistolik te responsab 10.85 milyon lanmò nan lane 2021.
- Ant lane 1990 ak 2015, kantite lanmò ki lye ak tansyon sistolojik ≥ 140 mm Hg pa te ogmante nan peyi ki gen gwo revni yo (apati 2.197 jiska 1.956 milyon ka lanmò) men te ogmante lakay popilasyon ki gen revni wo-mwayen yo (apati 1.288 jiska 2.176 milyon ka lanmò), revni mwayen (apati 1.044 jiska 2.253 milyon ka lanmò), revni fèb-mwayen (apati 0.512 jiska 1.151 milyon ka lanmò), ak peyi ki gen fèb-revni yo (apati 0.146 jiska 0.293 milyon ka lanmò).

To Kolestewòl Wo nan San ak Lòt Lipid

- Nan lane 2021, to wo kolestewòl lipopwoteyin fèb dansite te responsab 3.65 milyon ka lanmò nan tout monn lan. To mòtalite global pa laj nan lane 2021 yo kapab atribye ak to elve kolestewòl lipopwoteyin fèb dansite te 43.67 pou chak 100 000.
- Nan lane 2021, to mòtalite pa laj (pou chak 100 000) yo kapab atribye ak to wo kolestewòl lipopwoteyin fèb dansite te pi wo pou lès Ewòp, answit Azi santral ak Afrik di nò ak Mwayen Oriyan.

Fimen

- Tabak, selon yon estimasyon, te lakòz 7.25 milyon ka lanmò nan tout monn lan nan lane 2021 (5.68 gason ak 1.57 milyon fi).
 - Etid Global Burden of Disease ki pi resan an te estime nan lane 2021, fimen te dezyèm ris prensipal nan kantite lane moun pèdi nan lavi yo akon mòtalite anvan lè (presyon sistolik wo se te nimewo 1), epi fimen te klase kòm katriyèm nan faktè risk pou kantite ane moun pèdi nan lavi yo oswa kantite lane yo pase ap viv ak yon andikap nan tout monn lan.
- Selon done 2021 yo, lès Azi ak Oseyani te genyen to mòtalite ki pi wo yo kapab atribye ak tabak. Amerik Latin Andin te gen to mòtalite ki pi ba.

Tanpri ale nan Mizajou Estatistik Konplè a pou w jwenn referans ak lòt enfòmasyon anplis pou estatistik ki deklare yo. Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan Institute for Health Metrics and Evaluation. Itilize avèk pèmision. Tout dwa rezève.

www.healthdata.org.

©2025 American Heart Association, Inc. Tout dwa rezève. Itilizasyon san otorizasyon entèdi.

Inaktivite fizik

- To mòtalite yo kapab atribye ak fèb aktivite fizik nan rejyon yo te pi wo pou Afrik sibsaryèn sid, Afrik di nò ak Mwayon Oriyan an, ak Oseyani nan lane 2021. To mòtalite yo te pi ba pou Azi Pasifik ak sid Amerik Latin kote ki gen gwo revni.
 - Fèb aktivite fizik te asosye ak yon estimasyon 0.66 milyon ka lanmò nan tout monn lan nan lane 2021.

Twòp Pwa ak Obezite

- Selon done 2021 yo, to mòtalite pa laj yo ka atribye ak endèks kòporèl wo pami rejyon yo te pi ba pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni e te pi wo pou Afrik sibsaryèn sid, Afrik di nò ak Mwayen Oriyan, ak Oseyani.
- Endèks mas kòporèl wo te responsab 3.71 milyon ka lanmò nan tout monn lan nan lane 2021.

Dyabèt

- Selon done mondyal pou ane 2021 an, 525.65 milyon moun (270.84 milyon gason epi 254.81 milyon fi) te fè dyabèt. Prevalans pa laj pou dyabèt te 6123.59 pou chak 100 000.
- Yo te estime prevalans pa laj pou dyabèt nan lane 2021 nan rejyon yo te pi wo pou Oseyani, answit Afrik di nò ak Mwayen Oriyan, Karibeyen, ak Amerik di nò ki gen fèb revni yo.
- To mòtalite global pa laj pou glikoz wo pou yon moun ki poko manje nan lane 2021 te 63.73 pou chak 100 000. To mòtalite pa laj yo kapab atribye ak glikoz wo pou yon moun ki poko manje nan lane 2021 pami rejyon yo te pi wo pou Oseyani ki, answit sid ak Afrik sibsaryèn santral ak Afrik di nò ak Mwayen Oriyan an.
- To mòtalite global pou dyabèt pa laj pou ane 2021 an te 19.61 pou chak 100 000. Mòtalite pa laj yo kapab atribye ak dyabèt te pi wo pou Oseyani, answit Afrik sibsaryèn sid. To yo te pi ba pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni yo.

Ou kapab telechaje fich enfòmasyon, enfografi, ak piblikasyon mizajou sou estatistik aktyèl/pase sou:

[Heart and Stroke Association Statistics | American Heart Association](#) (Sit Wèb an Anglè).

Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan tablo ki pa pibliye ki konpile pou dokiman sou Mizajou Estatistik la e yo kapab site yo apati dokiman ki endike anba a. Sous done ki itilize pou tablo yo endike nan tout dokiman an. Anplis, kèk estatistik soti nan etid ki pibliye yo. Si w ap site nenpòt nan estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a, tanpri revize tout dokiman Estatistik sou Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou detèmine sous done yo ak sitiyasyon orijinal yo.

The American Heart Association an mande pou site dokiman sa a jan sa a konsa:

Martin SS, Aday AW, Allen NB, Almarzooq ZI, Anderson CAM, Arora P, Avery CL, Baker-Smith CM, Bansal N, Beaton AZ, Commodore-Mensah Y, Currie ME, Elkind MSV, Fan W, Generoso G, Gibbs BB, Heard DG, Hiremath S, Johansen MC, Kazi DS, Ko D, Leppert MH, Magnani JW, Michos ED, Mussolino ME, Parikh NI, Perman SM, Rezk-Hanna M, Roth GA, Shah NS, Springer MV, St-Onge M-P, Thacker EL, Urburt SM, Van Spall HGC, Voeks JH, Whelton SP, Wong ND, Wong SS, Yaffe K, Palaniappan LP; nan non Komisyon American Heart Association sou Epidemyoloji ak Prevention Statistics Committee ak Stroke Statistics Committee. Estatistik sou maladi kè ak konjesyon serebral nan lane 2025: yon rapò sou done Etazini ak mondyal American Heart Association. *Sikilasyon*. Pibliye anliy nan dat 27 Janvye 2025.

Tanpri voye tout demann enfòmasyon medya yo bay News Media Relations nan <http://newsroom.heart.org/newsmedia/contacts> (Sit Wèb an Anglè).